

ETA NOUYÒK

KOUMAN POU RANPLI APLIKASYON POU ASISTANS TANPORÈ (TA) - ASISTANS MEDIKAL (MA) - PWOGRAM MEDICARE POU EKONOMI (MSP) - BENEFIS KOUAPON POU ACHTE MANJE (FS) - SÈVIS (YO), ansanm ak Swen Adoptif (FC) - ASISTANS POU SWEN TIMOUN (CC)

Lè ou wè "Asistans Tanporè" oswa "TA" sou aplikasyon an, sa vle di "Asistans pou Fanmi" ak "Asistans Filè Sekirite". Nou rele toude Pwogram Asistans Piblik sa yo "Asistans Tanporè". Yo te kreye pwogram Sèvis Sosyal yo pou bay asistans tanporè pou moun ki nan bezwen. Kounye a, gen kèk pwogram ki gen tan limit ki fè konnen pandan konbyen tan ou ka resevwa èd la. Li enpòtan pou ou, pou ou rive okipe tèt ou poukont ou, kan ou kapab. Biwo Depatman Sèvis Sosyal lokal la dispoze pou ede w ak objektif ou genyen pou w rive okipe tèt ou poukont ou a. Pou nou kapab ede w, nou oblije konnen kiyès ou ye epi kisa ou bezwen. Se sak fè nou mande w pou ou ranpli Aplikasyon sa a. Enfòmasyon aplikasyon sa a pral ban nou sou ou yo se:

- Kiyès ou ye
- Kote ou rete
- Kouman wap viv
- Kijan nou ka ede w

Nou nimewote eksplikasyon yo ak aplikasyon an pa seksyon pou nou ka ede w. Ou ka ekri sou nimewo sa yo lè sa apwopriye.

- TANPRI EKRI BYEN KLÈ AN LÈT MAJISKIL
- PA EKRI NAN SEKSYON KI FONSE YO
- OU FÈT POU RANPLI TOUT SEKSYON KI GEN RAPÒ AVÈK OU YO
- SI WAP FÈ APLIKASYON ANTANKE REPREZANTAN YON LÒT MOUN, TANPRI EKRI ENFÒMASYON SOU MOUN LAN AN LÈT MAJISKIL, PA EKRI ENFÒMASYON PA OU.
- SI W GEN NENPÒT ENFIMITE, KI ANPECHE W RANPLI APLIKASYON SA A EPI/OSWA WAP RETE TANN POU YO FÈ ENTÈVYOU AVÈK OU, TANPRI FÈ RESEPSYONIS LA KONN SA. AJANS LA VA FÈ TOUT POSIB LI POU LI BA W AKOMODASYON KI REZONAB LA POU LI KA REPONN A BEZWEN OU YO.

RETIRE: SI OU VLE RETIRE APLIKASYON W LAN, PALE AK MOUN KI EKZAMINEN KALIFIKASYON OU LAN.

Anplis LDSS-2921-HA: "Aplikasyon " an, nou fèt pou ba ou kopi:

- LDSS-4148A - HA: " Sa W Dwe Konnen Sou Dwa W ak Responsablite W"
- LDSS-4148B - HA: " Sa W Dwe Konnen sou Pwogram Sèvis Sosyal yo "
- LDSS-4148C - HA: " Sa W Dwe Konnen Lè W Gen Yon Ijans "

PAJ 1 - APLIKASYON	
<p><u>PWOGRAM YO:</u></p> <p>1</p>	<p>Make (✓) nan bwat pou CHAK pwogram oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou vle fè aplikasyon pou li. Poutèt yon refòm ki genyen nan byennèt sosyal (welfare), yon aplikasyon pou Asistans Tanporè pa vle di yon aplikasyon otomatik pou Asistans Medikal ankò. Si ou vle fè aplikasyon pou toude, ni Asistans Tanporè ni Asistans Medikal, make (✓) nan bwat ki pou Asistans Tanporè a ak nan bwat ki pou Asistans Medikal la. Si ou vle fè aplikasyon pou Pwogram Medicare pou Ekonomi a, make (✓) nan bwat ki pou Pwogram Medicare pou Ekonomi a. Asistans Medikal vle di pwogram Medicaid, Family Health Plus, Child Health Plus A, Medicaid Buy-In for Working People With Disabilities ak Family Planning Benefit yo. Si w vle fè aplikasyon pou nenpòt nan pwogram sa yo, make (✓) nan bwat ki pou Asistans Medikal la. Si w kalifye pou Asistans Tanporè, men ou deside ou bezwen Asistans pou Swen Timoun sèlman, make (✓) nan Swen Timoun la olye pou w make Asistans Tanporè a. Si w chanje lide w epi w deside ou bezwen Asistans Tanporè, ou ka fè aplikasyon nenpòt ki lè. Si w make (✓) nan bwat "Peman nan Kadijans Sèlman" an, wap fè konnen wap fè aplikasyon pou peman nan kadijans yon sèl fwa sèlman epi yo pap fè yon detèminasyon sou kalifikasyon ou pou okenn lòt pwogram tankou Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje oswa Asistans Medikal.</p> <p>Si wap fè aplikasyon pou Asistans Tanporè ak Benefis Koupon pou Achte Manje, ak/oswa Asistans Medikal, òdinèman yo pral mande pou w fè yon sèl antrevi pou tout pwogram yo.</p>
<p><u>ÈSKE W VLE RESEVWA AVI YO NAN LANG: KISA KI LANG MATÈNÈL OU:</u></p> <p>2</p>	<p>Make (✓) nan bwat "Panyòl ak Angle" a oswa nan bwat " Angle Sèlman" an.</p> <p>Make (✓) nan bwat Angle a oswa Panyòl la oswa nan bwat ki make "Lòt" la epi ekri lang matènèl ou.</p>
<p><u>ENFOMASYON SOU MOUN KAP FÈ APLIKASYON AN</u></p> <p>3</p> <p>NON: ETA SIVIL: NIMEWO TELEFÒN: ADRÈS KOTE W RETE A:</p> <p>NON MOUN KI RESEVWA LÈT POU OU: ADRÈS OU RESEVWA LÈT:</p> <p>DEPI KONBYEN TAN OU RETE NAN ADRÈS OU YE KOUNYE A: LÒT TELEFÒN:</p> <p>EKSPLIKASYON POU ALE LAKAY OU: ADRÈS OU TE RETE ANVAN:</p>	<p>Ekri AN LÈT MAJISKIL non legal ou ansanm ak prenon, premye lèt non batèm ak siyati.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL si kounye a ou selibatè, marye, vèf, separe legalman oswa divòse.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL nimewo telefòn lakay ou. Mete kòd rejyonal ou.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL nimewo kay, ri, avni, wout, etc., kote ou rete kounye a.</p> <p>Nimewo Apatman: Ekri AN LÈT MAJISKIL nimewo apatman kote ou rete a.</p> <p>Vil: Ekri AN LÈT MAJISKIL vil kote ou rete a.</p> <p>Peyi: Ekri AN LÈT MAJISKIL peyi kote ou rete a.</p> <p>Eta: Ekri AN LÈT MAJISKIL eta kote ou rete a.</p> <p>Kòd Postal: Ekri AN LÈT MAJISKIL kòd postal adrès kote ou rete a.</p> <p>Si se yon lòt moun ki resevwa lèt pou ou, ekri AN LÈT MAJISKIL non moun sa a.</p> <p>Si ou resevwa lèt ou yon kote ki diferan de kote w rete a, ekri AN LÈT MAJISKIL adrès kote sa a nan espas sa a.</p> <p>Si se yon ajans ap ede w fè aplikasyon an, ekri AN LÈT MAJISKIL non ajans la, non moun nan ajans la kap ede w la epi nimewo telefòn moun lan.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL konbyen ane epi/oswa mwa ou genyen depi ou rete kote ou rete kounye a.</p> <p>Si yo ka rele w nan telefòn yon lòt moun, ekri AN LÈT MAJISKIL non moun sa a ansanm ak nimewo telefòn li. Si wap travay, ekri AN LÈT MAJISKIL non ak nimewo telefòn konpayi kote wap travay la.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL eksplikasyon sou kijan pou ale lakay ou. Ekri kote moun konnen kòm pwen pou referans.</p> <p>Ekri AN LÈT MAJISKIL adrès kote ou te rete anvan ou vin rete nan adrès ou ye kounye a.</p>

PAJ 1 - APLIKASYON**4 MOUN KAP FÈ APLIKASYON
POU BENEFIS KOUAPON POU
ACHTE MANJE:**

Ou gen dwa pou w prezante aplikasyon Benefis Koupon pou Achte Manje a, pandan lè biwo a ouvè, menm jou ou resevwa fòm nan. Yo dwe aksepte li si li genyen omwen non ou, adrès ou (si ou genyen youn) epi siyati ou. Pou detèminen si ou ka jwenn Benefis Koupon pou Achte Manje, ou pral oblije ranpli tout fòm nan.

5 ÈSKE NENPÒT NAN KATEGORI SA**YO GEN RAPÒ AVÈK OU?**

Make (✓) nan CHAK kategori ki gen rapou wè avèk ou.

PAJ 2 AK 3 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU MOUN KI RETE NAN MENM KAY AVÈK OU**

EKRI NON TOUT MOUN KI RETE NAN MENM KAY AVÈK OU, MENM SI YO PAP FÈ APLIKASYON ANSANM AVÈK OU. Epi ekri AN LÈT MAJISKIL tout non ou anvan. Aprè sa ekri AN LÈT MAJISKIL non lòt moun ki rete nan menm kay avèk ou yo:

- Make (✓) nan kalite Asistans (yo) chak moun ap fè aplikasyon pou li a: Asistans Tanporè (TA), Benefis Koupon pou Achte Manje (FS), Asistans Medikal (MA), Pwogram Medicare pou Ekonomi (MSP), Asistans pou Swen Timoun (CC), Swen Adoptif (FC), ak/oswa Sèvis (S), oswa Peman nan Kadrijans **Sèlman** (EMRG).

REMAK: Si wap fè aplikasyon pou MSP, ranpli tout seksyon yo mande pou ranpli pou MA a.

- Ekri AN LÈT MAJISKIL dat fèt ak si **chak** moun kap fè aplikasyon yo se fanm oswa gason.
- Pou chak moun kap fè aplikasyon, ekri AN LÈT MAJISKIL kisa yo ye pou ou (Pa ekzanp: madanm, pitit gason, pitit adoptif, zanmi, moun ki lwe chanm, pansyonè, eksetera).
- Ekri AN LÈT MAJISKIL Nimewo Sekirite Sosyal chak moun **amwenske moun sa:**
 - Pap fè aplikasyon pou okenn kalite asistans oswa sèvis; oswa
 - Yon fanm ansent kap fè aplikasyon pou Asistans Medikal **sèlman**; oswa
 - Yon imigran kap fè aplikasyon pou Asistans Medikal oswa benefis **sèlman** paske yo genyen yon kondisyon medikal ki ijan; oswa
 - Yon granmoun kap fè aplikasyon pou sèvis pou pwoteksyon granmoun **sèlman**; oswa
 - Fè aplikasyon pou asistans pou swen timoun **sèlman**. (Ou pa bezwen fè lis nimewo sekirite sosyal yo si wap fè aplikasyon pou asistans pou swen timoun **sèlman**, amwenske wap fè aplikasyon pou swen timoun antanke yon pati nan yon ka pou sèvis prevantif oswa olye pou w resevwa asistans tanporè).

REMAK: Lajan pou Lòt Sèvis, tankou swen adoptif, sèvis pou pwoteksyon timoun, sèvis prevantif pou timoun, ak sesyon konsèy, sòti nan plizyè kote, epi anpil nan kote sa yo egzije pou nou ba yo yon Nimewo Sekirite Sosyal. Menm si yo pa mande moun kap fè aplikasyon pou kèk sèvis pou yo bay Nimewo Sekirite Sosyal, ou ka pa jwenn sèvis sa yo si ou pa bay yon Nimewo Sekirite Sosyal. Kifè, nou mande tout moun kap fè aplikasyon pou sèvis sa yo pou yo bay yon Nimewo Sekirite Sosyal, pou nou ka ede yo jwenn tout avantaj yo ka kalifye pou jwenn yo.

- Piwo gwo klas ou fè lekòl: Ekri pi gwo klas (klas 1ye – klas 12yèm) chak moun kap fè aplikasyon pou asistans fè lekòl. Si yo fè plis pase klas 12yèm nan lekòl, ekri 13yèm. Si yo pat al lekòl, ekri 0. Si wap aplike pou Asistans Medikal **sèlman** oswa pou Sèvis **sèlman**, ou pa bezwen reponn kesyon sa a.
- Achte oswa fè manje: Li enpòtan pou w make (✓) WI oswa NON pou Kesyon “Èske moun sa a (ansanm ak pitit ou yo ki minè) achte manje oswa fè manje avèk ou?” pou chak moun ki rete nan menm kay avèk ou. Gendelè, moun ki achte manje epi fè manje poukont yo ka resevwa plis Benefis Koupon pou Manje.

PAJ 2 AK 3 – APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU MOUN KI RETE NAN MENM KAY AVÈK OU (swit)**

6

- **Ras/Afilyasyon Etnik:** Ou oblije ranpli seksyon sa a pou chak moun kap fè aplikasyon pou asistans, ansanm ak Asistans pou Swen Timoun. Make **Wi** oswa **Non** si ras ou se Panyòl oswa Latino, epi make lèt ki dekri orijin ras ou pi byen an. Gouvènman Federal la mande enfòmasyon sa a. Si ou pa ranpli seksyon sa a, moun kap fè antrevi nan ajans la pral oblije ranpli li dapre sa li wè yo. Si wap fè aplikasyon pou Asistans Medikal **sèlman**, ou ka ranpli seksyon sa a si ou vle. Si ou pa ranpli seksyon sa a, yon moun kap fè antrevi nan ajans la ka ranpli li dapre sa li wè yo. Si wap aplike pou Swen Adoptif, ranpli seksyon sa a sèlman pou timoun wap chache bay swen adoptif la. Si ou pa ranpli seksyon sa a, moun kap fè antrevi nan ajans la pral oblije ranpli li dapre sa li wè yo.

REMAK: Si wap fè aplikasyon pou Sèvis epi ou pa ranpli seksyon sa a, li ka pa posib pou nou ba ou kèk sèvis. Sa depann de ki kote lajan nou itilize pou peye pou sèvis sa yo sòti.

PAJ 2 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU LÒT NON**

7

Ekri **AN LÈT MAJISKIL** non jènfi, non ou te genyen nan lòt maryaj ou te fè anvan sa, oswa lòt non nenpòt nan moun ki gen non yo ekri anlè a te genyen oswa genyen kounye a.

PAJ 4 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU SITWAYÈNTE/KONDISYON IMIGRASYON**

Ranpli seksyon sa a si wap fè aplikasyon pou **Asistans Medikal, Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Manje, Asistans pou Swen Timoun, oswa Swem Adoptif.**

8

REMAK: Ou **PA** bezwen ranpli sètifikasyon sa a si wap aplike pou **Asistans Medikal sèlman** epi

- Ou ansent, oswa
- Wap fè aplikasyon **sèlman** pou tretman pou yon kondisyon medikal **ijan**, oswa
- Ou pa *ni* yon **sitwayen Ameriken, Endyen Ameriken, yon natifnatal Etazini** oswa *ni* yon imigran ki gen kondisyon imigrasyon ki satisfèzan. Tèm “kondisyon imigrasyon kisatisfèzan” an vle di yon kondisyon imigrasyon, ki pa fè moun la pa kalifye pou avantaj dapre pwogram ki aplikab yo. Si ou genyen nenpòt kesyon sou kondisyon imigrasyon ou, tanpri konsilte LDSS-4148B-HA: “Sa W Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal yo” oswa pale ak travayè sosyal ou a.

REMAK: Ou **DWE** ranpli seksyon sa a si wap:

- Fè aplikasyon pou Asistans Medikal **sèlman**, men ou pa bezwen mete moun ki pa vle resevwa Asistans Medikal ladan.
- Fè aplikasyon pou Asistans pou Swen Timoun **sèlman**, men ou bezwen ranpli enfòmasyon sèlman pou timoun ki pral resevwa Asistans pou Swem Timoun lan.
- Fè aplikasyon pou Swen Adoptif **sèlman**, men ou bezwen ranpli enfòmasyon sèlman pou timoun ki pral resevwa Asistans pou Swen Adoptif la.
- Fè aplikasyon pou lòt Sèvis dapre kèk sikonstans.

REMAK: Si w ap fè aplikasyon pou lòt **Sèvis** epi ou pa bay enfòmasyon an, li ka pa posib pou nou ba ou kèk sèvis. Sa depann ki kote lajan nou itilize pou peye pou Sèvis sa yo sòti.

PAJ 4 - APLIKASYON**SÈTIFIKASYON SITWAYÈNTE/ENFÒMASYON SOU KONDISYON IMMIGRASYON (swit)**

Si wap fè aplikasyon pou **Asistans Medikal, Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje, Asistans pou Swen Timoun oswa Swen Adoptif**, ou oblije ranpli epi siyen sètifikasyon alekri sa a pou sitwayènte ak kondisyon imigrasyon ki satisfèzan.

REMAK: Tèm “kondisyon imigrasyon ki satisfèzan” vle di yon kondisyon imigrasyon ki pa fè moun la pa kalifye pou avantaj dapre pwogram ki aplikab la. Si ou genyen nenpòt kesyon sou kondisyon imigrasyon ou, tanpri konsilte LDSS-4148B: “Sa W Dwe Konnen Sou Pwogram Sèvis Sosyal yo” oswa pale ak travayè sosyal ou a.

REMAK: Ou **PA** bezwen siyen sètifikasyon sa a si wap fè aplikasyon pou **Asistans Medikal sèlman** epi:

- Ou ansent, oswa
- Wap fè aplikasyon **sèlman** pou tretman pou yon kondisyon medikal **ijan** ou genyen, oswa
- Ou pa *ni* yon **sitwayen Ameriken, Endyen Ameriken, yon natifnatal Etazini**, *oswa ni yon imigran ki genyen kondisyon imigrasyon ki satisfèzan*.

REMAK: Ou **OBLIJE** siyen sètifikasyon sa a si ou se yon **sitwayèn Ameriken, Endyen Ameriken, yon natifnatal Etazini** oswa yon **yon imigran ki genyen kondisyon imigrasyon ki satisfèzan**, epi wap aplike pou:

- Asistans Tanporè (kote genyen timoun nan kay la oswa yon moun nan kay la ki ansent); oswa
- Benefis Koupon pou Achte Manje; oswa
- Asistans Medikal (eksepte si moun kap fè aplikasyon an ansent); oswa
- Pwogram Medicare pou Ekonomi; oswa
- Asistans pou Swen Timoun (Yo bezwen sètifikasyon pou timoun yo **sèlman**); oswa
- Swen Adoptif (Yo bezwen sètifikasyon pou timoun yo **sèlman**); oswa
- Lòt Sèvis nan kèk sikonstans; oswa
- Peman nan Kadijans **Sèlman**.

REMAK: Si wap fè aplike pou lòt **Sèvis** epi ou pa siyen sètifikasyon sa a, li ka pa posib pou nou ba ou kèk sèvis. Sa depann de ki kote lajan nou itilize pou peye pou sèvis sa yo sòti.

Tout moun kap fè aplikasyon pou avantaj sa yo dwe bay yon siyati ansanm ak dat siyati a, eksepte nan ka yo mansyone anlè a.

- Yon granmoun ki rete nan menm kay la oswa yon reprezantan ki gen otorizasyon ka siyen pou tout moun ki rete nan menm kay la kap fè aplikasyon.
- Si gen yon moun ki rete nan kay la, kap fè aplikasyon, epi ki poko gen 18 an (oswa moun lan gen 18 an oswa plis, men li pa kapab siyen non li paske li gen yon pwoblèm medikal oswa yon enfimite), yon moun ki rete nan menm kay la, ki gen 18 an oswa plis dwe siyen pou yo.

REMAK: Lè wap siyen pou yon lòt moun, siyen pwòp non *ou*. **Pa ekzanp**, Mary Doe, lè lap siyen pou timoun ki rele Johnny Doe, fèt pou siyen Mary Doe.

Yon *paran* ki pa genyen kondisyon satisfèzan, ka siyen pou *pitit* li ki limenm genyen kondisyon satisfèzan. **Pa ekzanp**, yon manman ki pa genyen kondisyon imigrasyon ki satisfèzan ka toujou siyen sètifikasyon a pou pitit li yo ki sitwayen Ameriken.

PAJ 4 - APLIKASYON**SÈTIFIKASYON SITWAYÈNTE/ ENFÒMASYON SOU KONDISYON IMIGRASYON (swit)****AVI**

Ou pa dwe siyen deklarasyon sa a pou tèt ou oswa pou yon lòt moun ki pa yon sitwayen, yon Endyed Ameriken oswa yon natifnatal Etazini oswa yon imigran ki genyen kondisyon imigrasyon ki satisfèzan. Moun ki pa sitwayen yo epi ki pa genyen kondisyon imigrasyon ki satisfèzan pa kalifye pou okenn Asistans Tanporè, Benefis Koupon pou Achte Manje oswa Benefis Asistans Medikal (eksepte Asistans Medikal pou fanm ansent oswa Asistans Medikal SÈLMAN pou tretman pou yon kondisyon medikal ijan). Moun sa yo ka pa kalifye tou pou kèk Sèvis.

Nou ka bay Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon nan Etazini [United States Citizenship and Immigration Services (USCIS)] enfòmasyon ou ba nou yo pou yo tcheke kondisyon imigrasyon nenpòt oswa tout moun ki rete nan menm kay la kap fè aplikasyon pou Asistans Tanporè, Benefis Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje oswa Sèvis. Enfòmasyon nou resevwa nan men USCIS kapab afekte kalifikasyon moun ki rete nan menm kay avèk ou yo ansanm ak nivo avantaj yo.

PAJ 5 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU PARAN KI PA GEN GAD TIMOUN NAN/ KI BAY LAJAN SIPÒ POU TIMOUN/SIPÒ MEDIKAL****MOUN KAP FÈ APLIKASYON POU ASISTANS TANPORÈ, ASISTANS MEDIKAL, PWOGRAM MEDICARE POU EKONOMI, ASISTANS POU SWEN TIMOUN AK SÈVIS YO SÈLMAN:**

Ranpli seksyon sa a si nenpòt nan bagay sa yo gen rapò avèk ou:

10

1. Oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou ansent epi papa timoun ki poko fèt la rete yon lòt kote.
2. Wap fè aplikasyon pou nenpòt moun ki poko gen pase 21 an epi paran moun sa a pa rete nan menm kay la.
3. Ou poko gen 21 an epi paran ou (yo) pa rete menm kote avèk ou.

REMAK: Ou pa bezwen ranpli seksyon sa a, si wap fè aplikasyon sèlman pou Asistans Medikal epi ou ansent, ou te akouche pandan de (2) dènye mwa ki fenk pase yo, oswa wap fè aplikasyon pou timoun ki poko gen 21 an sèlman. Si w vle kontinye chèche sipò medikal nan menm yon paran ki pa gen gad timoun, ou dwe ranpli seksyon sa a.

ENFÒMASYON SOU MADANM OSWA MARI KI PA LA/MOURI

MOUN KAP FÈ APLIKASYON POU ASISTANS TANPORÈ, ASISTANS MEDIKAL, PWOGRAM MEDICARE POU EKONOMI, ASISTANS POU SWEN TIMOUN AK SÈVIS YO SÈLMAN : Si nenpòt nan moun kap fè aplikasyon yo marye, epi madanm oswa mari yo pa rete menm kote avèk yo, ranpli seksyon sa a pi bon jan ou kapab la. Si ou pa konnen ki kote moun sa a rete, ekri AN LÈT MAJISKIL, dènye adrès kote ou te konnen moun nan te rete a.

11

ENFÒMASYON SOU TIMOUN KI PA LA

MOUN KAP FÈ APLIKASYON POU ASISTANS TANPORÈ, ASISTANS MEDIKAL, PWOGRAM MEDICARE POU EKONOMI, ASISTANS POU SWEN TIMOUN AK SÈVIS YO SÈLMAN. Si nenpòt moun kap aplike genyen yon timoun ki gen mwens pase 18 lane ki rete yon lòt kote, tanpri ekri non paran ak non timoun la.

12

PAJ 5 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU PARAN KI ADOLESAN**

13 Ou oblije ranpli seksyon sa a si wap fè aplikasyon pou Asistans Tanporè sèlman. Si genyen yon paran ki adolesan, ki poko gen 21 an, ki rete nan menm kay avèk ou, epi kap fè aplikasyon pou asistans, ekri non yo. Si pitit paran ki adolesan an rete nan menm kay avèk ou, ekri non timoun la.

PAJ 6 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU LAJAN OU TOUCHE**

Make (✓) WI oswa NON pou oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou. Pou chak repons ki "Wi", ekri AN LÈT MAJISKIL montan oswa valè a an dola (\$) ansanm ak non moun ki touche lajan sa a.

14 **REMAK: Peman pou Swen Adoptif ak Benefis Koupon pou Achte Manje** – Si ou resevwa peman pou swen adoptif pou yon timoun oswa yon granmoun, ou genyen de (2) chwa. Ou ka chwazi pou w mete peman pou swen adoptif pou timoun lan oswa granmoun lan ansanm ak Benefis Koupon pou Achte Manje pou tout kay la, oswa ou ka chwazi pou w **pa** mete peman pou swen adoptif pou timoun lan oswa granmoun lan ansanm ak Benefis Koupon pou Achte Manje yo. Mande travayè sosyal ou kiyès ki ka ba ou plis Benefis Koupon pou Achte Manje.

ENFÒMASYON SOU BÒPÈ OSWA BÈLMÈ/MOUN KI PARENEN POU IMIGRAN

15 Make (✓) WI oswa NON pou oumenm, madanm ou oswa mari ou epi tout moun kap fè aplike pou asistans. Pou chak repons ki "WI", ekri AN LÈT MAJISKIL non moun ki gen rapò ak repons la.

PAJ 7 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU TRAVAY**

Ranpli paj sa a pou oumenm epi pou tout moun kap fè aplikasyon pou asistans.

16 **REMAK:** Si wap travay, ou ka toujou kalifye pou Asistans Tanporè, Asistans Medikal oswa lòt pwogram swen sante, Sèvis, ak/oswa Benefis Koupon pou Achte Manje epi èd pou peye pri li koute pou okipe timoun.

PAJ 8 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU EDIKASYON/FÒMASYON**

17 Ranpli paj sa a pou oumenm epi pou tout moun kap fè aplikasyon pou asistans, ansanm ak Asistans pou Swen Timoun ak/oswa Swen Adoptif oswa lòt sèvis. Ou fèt pou reponn kesyon sou kote pitit ou yo ale lekòl la.

REMAK: Si wap fè aplikasyon pou Asistans Medikal **sèlman**, ou pa bezwen ranpli paj sa a.

PAJ 9 - APLIKASYON**ENFOMASYON SOU RESOUS**

Make (✓) WI oswa NON pou oumenm epi pou tout moun kap fè aplikasyon pou asistans. Pou chak repons ki "Wi", ekri AN LÈT MAJISKIL montan oswa valè a an dola (\$) epi non moun ki genyen resous la. **Ou fèt pou fè yon lis ki gen tout avwa ou genyen ansanm ak yon lòt moun.** Moun kap resevwa Asistans Tanporè ak Asistans Medikal dwe reponn kesyon sa yo tou sou **fanmi ki legalman rekonsab yo.** **Lalwa oblije moun sa yo pou yo ba ou sipò finansyèl, pa egzantp** madanm ou oswa mari ou, epi si ou poko gen 21 an, se paran ou yo oswa bèlmè oswa bè ou yo ki rete menm kote avèk ou yo ki rekonsab.

REMAK: Ou **pa** bezwen ranpli seksyon sa a:

- Si wap fè aplikasyon pou Asistans Medikal **sèlman** pou timoun ki poko gen **19** an, oswa ou se yon fanm ansent.
- Si wap fè aplikasyon pou Sèvis **sèlman** (*ki pa Swen Adoptif*), ak/oswa Asistans pou Swen Timoun.
- Si wap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje **sèlman**, ou **pa** bezwen reponn kesyon sou asirans vi a.

REMAK: Si wap fè aplikasyon pou Swen Adoptif, ou dwe ranpli seksyon sa a.

Si w gen lòt resous apade sa ki ekri nan lis ki anlè a: Ekri bagay tankou kay pou vakans, kay sou woulèt, moto pou lanèj, bato, eksetera nan lis la.

REMAK: Li enpòtan anpil pou w fè travayè sosyal ou konnen toutswit si ou resevwa oswa ou panse ou pral pral resevwa yon montan lajan global. Yon montan lajan global se yon lajan ou touche yon sèl fwa, tankou yon lajan asirans peye w, eritaj, lajan ou touche nan yon pwosè tribinal oswa lajan ou genyen nan lotri. Gade LDSS-4148A-HA: "Sa W Dwe Konnen sou Dwa W ak Rekonsablite W " pou plis enfòmasyon sou montan lajan global.

REMAK: Si oumenm oswa madanm ou oswa mari ou transfere oswa fè kado nenpòt byen pandan 36 dènye mwa ki sòt pase yo (60 mwa pou transfè nan yon kont apa) anvan premye jou nan yon mwa wap resevwa sèvis nan yon enstitisyon ki kalifye pou bay malad swen epi ou te voye yon aplikasyon pou Asistans Medikal, ou ka pa kalifye pou resevwa sèvis nan enstitisyon ki kalifye pou bay malad swen an oswa sèvis adomisil ak sèvis pou renonse a swen kominotè dapre pwogram Asistans Medikal la.

PAJ 10 - APLIKASYON**ENFOMASYON MEDIKAL**

Make (✓) WI oswa NON pou oumenm ansanm ak tout moun kap fè aplikasyon pou asistans yo. Pou chak repons ki "WI", ekri AN LÈT MAJISKIL enfòmasyon yo mande a. Ou fèt pou ekri tout asirans maladi ansanm ak asirans lopital/aksidan ou genyen oswa ki disponib pou nenpòt moun kap fè aplikasyon. Asistans Medikal ka peye bòdwo pou swen medikal yo te ba ou pandan twa (3) mwa ki te vini anvan mwa ou te fè aplikasyon pou èd la. Si ou deja peye bòdwo a, nou ka peye w pou bòdwo a si nou detèminen ou ta ka kalifye pou Asistans Medikal lè sa a. Nou ka peye w menm si doktè a oswa lòt pwofesyonèl nan swen medikal la pa aksepte Asistans Medikal, menm nou ka sèlman peye w kantite lajan Asistans Medikal peye a epi si sèlman bòdwo a te pou sèvis Asistans Medikal kouvri.

CHWA PLAN ASIRANS MALADI

Si nou detèminen ou kalifye pou Family Health Plus, ou dwe chwazi yon plan asirans maladi pou w ka resevwa swen medikal. Si w vle kenbe doktè ou genyen koulye a, ou gen pou w rantre nan yon plan asirans maladi doktè w la aksepte. Si w vle chwazi yon nouvo doktè oswa yon nouvo sant medikal, rele plan asirans ou vle a pou w mande èd. Yon fwa ou enskri nan yon plan asirans maladi, ou dwe itilize doktè ak lopital ki nan plan sa a.

Gen kèk moun ki enskri nan Medicaid epi yo egzije yo pou yo rantre nan yon plan asirans maladi. Gen lòt moun yo pa egzije pou fè sa. Si nou detèminen oumenm oswa moun nan fanmi w kalifye pou Medicaid epi ou nan yon konte ki egzije pou moun rantre nan yon plan asirans maladi, nou va enskri w nan plan ou chwazi a, si plan sa a patisipe nan Medicaid. Si w nan yon konte ki pa egzije pou moun nan yon plan asirans maladi, nou va toujou enskri w nan plan ou chwazi a, amwenke ou tcheke bwat ki nan seksyon sa pou w fè nou konnen ou pa vle nan plan sa a. Moun ki fè entèvyou avèk ou a va pale de sa avèk ou.

Après jou ou fin fè aplikasyon pou Asistans Medikal, ou dwe chèche konnen si doktè a oswa lòt pwofesyonèl nan swen medikal la aksepte Asistans Medikal la anvan ou wal fè tretman medikal.

PAJ 11 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU LOJMAN**

20 Ekri AN LÈT MAJISKIL montan lajan ou peye pou lwaye, ipotèk (*mortgage*), chanm ak pansyon oswa lòt kalite lojman. Si ou genyen yon ipotèk (*mortgage*) pou peye, ajoute taks ou peye pou pwopriyete a, asirans mèt kay peye (ansanm ak asirans pou dife), ansanm ak enpo yo nan Montan Depans pou Lojman. Make (✓) WI oswa NON si oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou peye pou chofaj ak lòt sèvis piblik. Ou fèt pou reponn dènye kesyon ki nan fen seksyon an.

REMAK: Si wap fè aplikasyon pou Swen Adoptif, ou oblije ranpli seksyon sa a.

REMAK: Ou pa bezwen ranpli seksyon sa a si wap fè aplikasyon sèlman pou Sèvis (*ki pa Swen Adoptif*) ak/oswa Asistans pou Swen Timoun.

REMAK: Si ou pa fin konn kijan pou reponn nenpòt kesyon sou kalite lojman ou genyen an oswa sou montan depans pou lojman an, mande travayè sosyal ou a.

PAJ 12 - APLIKASYON**ENFÒMASYON SOU LÒT DEPANS**

21 Make (✓) WI oswa NON pou oumenm ansanm ak tout moun kap fè aplikasyon pou asistans. Pou chak repons ki "WI", ekri AN LÈT MAJISKIL montan depans lan an dola (\$).

LÒT ENFÒMASYON

Make (✓) WI oswa NON pou oumenm ansanm ak tout moun kap fè aplikasyon pou asistans.

REMAK: "Militè Ameriken" vle di:

- | | | |
|------------------|------------------------|--|
| - Ame Ameriken | - Fòz Naval Ameriken | - Gad Kòt Ameriken |
| - Marin Ameriken | - Fòz Ayeryèn Ameriken | - Marin Machan Ameriken pandan 2yèm Gè Mondyal |

22 **ASISTANS:** Si oumenm oswa nenpòt moun ki rete nan menm kay avèk ou ap resevwa kounye a oswa te janm resevwa Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Asistans pou Swen Timoun oswa Sèvis, make (✓) nan bwat WI (yo). Ekri AN LÈT MAJISKIL non moun lan, kalite asistans lan, kote yo te resevwa asistans lan, epi dènye dat yo te resevwa asistans lan.

KONDISYON TRANSFÈ BYEN: Make (✓) nan bwat **Mwen transfere** oswa nan bwat **Mwen poko transfere**.

REMAK: Lalwa Eta Nouyòk otorize pou yo bay amann oswa pou yo mete nan prizon, oswa toude, nenpòt moun yo deklare koupab paske moun lan kache detay yo oswa li bay manti pou li ka jwenn Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis oswa Asistans pou Swen Timoun.

PAJ 13 – APLIKASYON

PA EKRI NAN PAJ SA A AMWENKE ou vle retire aplikasyon ou lan pou youn oswa pou plizyè nan pwogram ki nan lis ki anwo a sou bò dwat la nan Paj 13 nan Aplikasyon an. Pou retire aplikasyon ou lan pou yon pwogram, make (✓) nan bwat ki sou kote pwogram nan epi siyen nan espas yo bay la. Yap retire aplikasyon ou lan pou pwogram ou tcheke yo sèlman.

PAJ 14 - APLIKASYON

23 DEKLARASYON LALWA SOU VI PRIVE/RANBOUSMAN POU DEPANS MEDIKAL/AVI POU SIPÒ/AVI POU PA GEN DISKRIMINASYON: Li seksyon sa a ak anpil atansyon oswa fè yon moun li seksyon an pou ou.

24 **REPZANTAN OTORIZE POU BENEFIS KUPON POU ACHE MANJE:** Si wap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje epi ou vle pou yon moun ki pa rete nan menm kay avèk ou resevwa Benefis Koupon pou Achte Manje yo pou ou oswa pou moun lan achte manje pou ou, ekri AN LÈT MAJISKIL non moun lan, adrès epi nimewo telefòn li.

25 **PENALITE/AVÈTISMAN SOU PENALITE POU BENEFIS KUPON POU ACHE MANJE (FS):** Li seksyon sa a ak anpil atansyon oswa fè yon moun li seksyon an pou ou.
REMAK: Lalwa Eta Nouyòk otorize pou yo bay amann oswa pou yo mete nan prizon, oswa toude, nenpòt moun yo deklare koupab paske moun lan kache detay yo oswa li bay manti pou li ka jwenn Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis oswa Asistans pou Swen Timoun.

PAJ 15 AK 16 - APLIKASYON

26 **PLASMAN, OTORIZASYON ak KONSANTMAN:** Li seksyon sa a ak anpil atansyon oswa fè yon moun li seksyon an pou ou.

REMAK: Pou **Lifeline**, moun ki fè aplikasyon/kap resevwa Asistans Tanporè ak/oswa Koupon pou Achte Manje dwe tcheke bwat (✓) la si w **pa** bay Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite nan Eta Nouyòk la otorizasyon pou li posibelman devwale non ou ak adrès ou bay konpayi telefòn ki ba w sèvis la. Konpayi telefòn ki ba w sèvis la ka itilize enfòmasyon sa a oswa li ka pa itilize enfòmasyon an pou li enskri w nan Sèvis Lifeline lan a yon pri redwi. Lifeline se pri ki pi ba konpayi ki bay sèvis telefòn yo genyen pou sèvis telefòn debaz.

Moun ki fè aplikasyon/kap resevwa Medicaid **sèlman** dwe kontakte konpayi telefòn ki ba yo sèvis la dirèkteman pou yo enskri nan Sèvis Lifeline nan a pri redwi a.

27 **OTORIZASYON POU RANBOUSMAN NAN MEN SSI:** Li seksyon sa a ak anpil atansyon oswa fè yon moun li seksyon an pou ou. Si se yon aplikasyon pou Asistans Tanporè epi toude, ni mari a ni madanm lan, ki abite ansanm ap fè aplikasyon pou Asistans tanporè, toude oblije siyen seksyon Siyati a ki nan fen paj la.

REMAK: Administrasyon Sekirite Sosyal la ka pran dat ou prezante otorizasyon ki siyen an bay departman sèvis sosyal lokal la kòm dat ou te vin kalifye pou SSI, si ou prezante yon aplikasyon pou premye Benefis SSI yo nan pwochen 60 jou kap vini yo.

SIYATI: Li seksyon sa a ak anpil atansyon oswa fè yon moun li seksyon an pou ou. Lalwa Eta Nouyòk otorize pou yo bay amann oswa pou yo mete nan prizon, oswa toude, nenpòt moun yo deklare koupab paske moun lan kache detay yo oswa li bay manti pou li ka jwenn Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Benefis Koupon pou Achte Manje, Sèvis oswa Asistans pou Swen Timoun.

28 Siyen non ou. Ekri dat la nan aplikasyon an. Lè **toude**, ni mari a ni madanm lan, ki abite ansanm ap fè aplikasyon pou Asistans Tanporè wa Asistans Medikal, Asistans pou Swen Timoun oswa Sèvis, **toude** oblije siyen. Si wap fè aplikasyon pou Benefis Koupon pou Achte Manje **sèlman**, yo bezwen yon sèl siyati. Si ou te ranpli aplikasyon an pou yon lòt moun, siyen **non ou** la a epi ekri AN LÈT MAJISKIL dat ou te siyen an.

AVI: Moun kap fè aplikasyon pou Asistans Tanporè, Asistans Medikal, Pwogram Medicare pou Ekonomi. Asistans pou Swen Timoun, Sèvis ak Benefis Koupon pou Achte Manje, ki pa dakò ak desizyon yo pran nan aplikasyon yo a, gen dwa pou yo mande pou yon odisyon rezonab, lè yo kontakte Office of Administrative Hearings, New York State Office of Temporary & Disability Assistance [Biwo Jijman Administratif, Biwo Asistans Tanporè ak Enfimite Eta Nouyòk] PO Box 1930, Albany, New York 12201.

Nou pral antre epi kenbe enfòmasyon ki nan aplikasyon ou lan nan Welfare Management System [Sistèm Administrasyon Byennèt Sosyal la] (WMS). Se yon sistèm òdinatè nou genyen nan tout eta a. Nou sèvi ak sistèm sa a pou amelyore administrasyon pwogram Sèvis Sosyal yo epi pou detekte magouy.

REMAK: Dènye paj Aplikasyon sa a se yon aplikasyon pou enskri pou vote. Si w ta renmen ranpli yon fòm aplikasyon pou enskripsyon pou vote, mande travayè ki egzaminen kalifikasyon ou lan. Si w fè aplikasyon oswa refize enskri pou vote, sa pap afekte kantite asistans ajans sa a pral ba w la.